

23. 'PA ROESDI DI KATJAMATAN.

Bapa Roesdi djeung émana gek darioek, tjong njarémbak, ngadenhensan ka Djoeragan Tjamat istri.

„Tah geuning bapa Loerak djeung éma, wanti komaha datang?” saer djoeragan istri.

„Soerachoen timbalan, némbé dongkap bieu pisan, kaolan,” picendjoek 'Pa Roesdi.

„Beh darén atoh tjaralikna,” saer Tjamat istri, „oelah deukeul turing panto, eta kailar kaliwat koe nbe barang bawa.”

„Teu sawios kaolan!”

„H, oclah kitoe, beh dieu, da koela sono ongkoh.”

„Gambaran,” tjeuk ambeg Roesdi, „abdi teh moeng soerbedja ngabeuhcaritan bae, teu barang bantoe nana, moeng hatoe loemajan bae, doemendeul koe tjongo reima; beas sakoelek, tjaoe sasikat saréng soeloh satukteuk.”

„Beu, noehoen atoh, éma, sakieu oge asa ditambahan toeleng tonggong bae kucla tek. Djeung saénjana mah éma djeung bapa teh

henteu diarép-arép kikirimanana mah ngan neda dikokolotanan bae dina perkara aras-oeroes hadjat, da moal saha deui atoch, katjonggah koela teh, ngan ka bapa djeung ka éma."

„Sewoe-sewoe kasochoen," wangsoelan bapa Roesdi, bari tjong njembalt, „djisim abdi rawoeh abdi gamparan, poen bodjo, dilocmajanketun koe linggih gamparan, da mēnggah katiasa mah teu aja pisan, kaoelanoen."

Kem Djoeragan Tjamat istri tjajaros djeung bapa Loerah pareman, sarta djeung éma Loerahnna, djol Djoeragan pamégét soemping ka diuja.

„Tah geuning bapa djeung éma geus di darieu. Geus lita bapa?"

„Soemoehoen parantos, kaoelanoen," piocndjoek 'Pa Roesdi.

Djoeragan pamégét gek linggih bari papariksa ka 'Pa Roesdi: „Bapa, katjida pisan koela teh nja boengalt, doemeh bapa boeroe" datang ka dieu. Ti waktoc ieu kaoela njerenkun ka bapa sakoer kaajaan balandongan, hadena gorengna, beres hēnteuana, koela teu ngaborongkeun bapa. Noe pinoeloengeun noe pingrhartoeun mah teu koerang, ngan atjan aja na djadi kokolotna bae."

„Sewoe” noehoeu, oepami djisim abdi diloemajankeun dianggo nja kabodoan mah, kaolan!”

„Éma,” saer djoeragan istri, „ari koela njerenkeun sagala kacaraan di oebroeg, eta kabeh koela teu ngaborongkeun éma.”

„Gambaran: atoh abdi mah teu liasa naonnaon: kaliasa moeng saokoer ngasue² seuneu, kaolan. Namoeng sakitoe deui, oepami dianggo kabodoan djisim abdi mah, soemédja ngeurenjeuk hae kaolan.”

„Éma. Bapa,” saer Djoeragan Tjamat bari noendjoeuk kana pamasangan, „geura ngateueut henla atoh. Pek ke dirja sing warég, bisi koerang tambahan deui.”

„Soemoehóen parantos tjekap pisan, ti tadi barang léda hae, kaolan. Manawi kawidjan, bade ningal² pipadamélaneeu tea, kaolan,” jeuk Pa Roesdi.

Djoeng Pa Roesdi djemag pamadjikanana taroeroen ti pasamoan, ngaloris naon noe bakal djadi kabeherat marauehanana, sarta prak digarawe sakapérloean-kapérloeanana.

24. PESTA.

Wantji asar indoeng hapa Roesdi maroelang ti pagaweanana ka pondok. Roesdi djeung Misuén kasampak aroelin kenéh.

„Oedi! Iném! geura marandi, geus boeril. kapan rek laladjo pesta. Sanggeus marandi toe-loej darangdan.”

Doer magrib, djéléma geus heurin oesik di aloen², noe laladjo djeung noe darangang. Lampoe² di balandongan ruang, tjaang kawas ti beurang bae. Cndangan² geus ngaberes; tatabeuhan geus gang-ging-goeng.

Kira² poekoel dalapan, bélédoeg, borobot, pépélasa: diseungeul hareupeun balandongan, ditoemboe koe kembang api. Roesdi djeung Mis-ném olohok bae bari moentang ka indoeng-bapana. Maranehanana karageteun, nendjo aja seuncu roepa²: hedjo, koneng djeung beureum, tingbéléwér di loehoer, tingberebel, tingbélédog, kawas noe kahocroean bae.

Barang kembang api geus beuk, bréng ngami-mitian pesta, ngibingkeun panganlen sápilaneun

tea. Kapentingnakeun ditocmbae koe manak² djeung ondangan² noe sedjen, ugatibing. Bapa Roesdi oge miloe kana najoeban. Roesdi djeung Misnëm audeprok darioek deukeut panajagan.



Ti sore tépi ka isoeck taja eureunna soesoe-rakan, agèr-agèran noe seuseurian. Djëlëma² noe latadjo beuki penting, beuki pinoech hae: kolot boedak, awewe lalaki, heurin sakoeriling-koe-riling balandongan.

Wantji soehoeh djëlëma² noe latadjo geus baralik, tapi éngkana, dimana geus beurang.

taksiran haralik deui ka aloen², sabab rek raraman deui: maen rëboetan, nanggap ogel djeung roepa² deui pamaenan lian ti eta.

25. PESTA TI BEURANG.

Karastmenan keur pesta ti beurang, di aloen² geus dialoer: tangkal djambe heunang ngabaloeer koe gadjih, di loehoerna digantoengan roepa² kalukanaan. Djadjangkoengan, maen tjolok, ngadoe domba, maen tjaloeng, djeung tatabeuhan geus ngadjar: ogel, hadloed, këndang pënlja djeung boëntjis.

Noe laladjo geus ngabroel deui.

Si Roesdi djeung Misnëm koe bapana dipër-nahkeun di kolong papanggoengan menak², di-toenggoean koe indoengna, da bapa Roesdi mah mitoe tjakah-tjikih, ngoeroeskeun karasucenan.

Barang menak² geus koempoel di papanggoengan, gër pamaenan ngamimitian, noe maekan tangkal djambe heunang ngabaloeeran koe gadjih tea geus ngarangkek, sorodot deui ragrag, nack deui, sorodot deui. Kitoe bae lila nakër:

sanggus gadjuhna dina tangkal lea roeroed,
 kakara nēpi naekna ka lochoer. Kahakanan noe
 digantoeng-gantoengkenn di lochoer ditjokotan,
 dikandoengan dina samping.



Geus beuk kahakananana, toeloj ngorodotkenn
 manch, atoech gampangen pisan toeroenna leh,
 liēnten kawas basa keur naek tea.

Sora hōeloe domba noe diadoe tinggēlādoek
 matak ricut noe laladjo. Noe bogana ngahobo-
 tohan dombana.

Balap ōjadjangkoengan liungkēdēpoek noe lala-
 boeh. Hadena bac euweuh noe tjlaka.

Ogel, badoed djeng boentjis noeroengtoeng,
geus teu poegoch dengekeuncunana.

Djéléma^o noe lakadjo ear-earan, saleuseurian
rame pisan.

Kira^o wantji hédog pannaenan tea geus eureun
kabeh. tatabeuhan geus dihereskeun, djéléma^o
ngabroel baralik, da pestana geus lékasan.

Pasosore Pa Roesdi oendjoekan ka Djoeragan
Tjamat istri paméngét, amilan rek moelang.


26. LAIS.

Karastmenan noe di aloen^o, kadjaba noe geus
diséboetkenn tadi, aja sarocpa deui, lais noe
tatjan ditjaritakeun teh.

Di téngah aloen^o aja doea leindjeur gombong
beupang nantjéhkeun, laloehoer pisan: tjongona
ditalian koc tambang, toeloej tadina dipanténg
kana tjongo noe hidji deui. Handapeun eta awi
tatabeuhana ngagémbroeng, dogdogua noe-
roengtoeng djeung tarompet neretet. Teu lila
terekef aja djéléma nackan gombong noe saleun-
djeur, rangsod-rangsod népi kana tjongona noe

ditalian koe tambang tea. Dina tjongo gombong
tea gek manehna dioek, bari awina dipeléndong-
peléndongkeun.

Luh, nja matak pikareuwaseun, lamoen noe
kakara laladjo mah, sieun awina roentoeh atawa
peunggas. Lamoen ruentoeh teh moal salah deui!



djalmanna noe naek tea meureun rikés awakna
tina sakitoe loehberiz.

Bari dioek, dina tjongo gombong, ber manehna
mookakeun pajoeng, dipajoeng bari alen-alenan
kakawilan djeng igél-igélan.

Roesdi djeng Missiem laladjona mototol lae

teu ngitjeup², tanggah ka lais tea, hari moentang kana leungcuun indoengna. Ari bapana harita teu aja di dinja, da kahagian tanggoengau oeroeskeuneun di kajamatan.

„Euleuh iloe!” tjeuk Roesdi, „na kocumaha moal ragrag eta djalma teh, na bét gagabah teuing. Hajoh! bét njoekang dina tambang tina tjongo gombong kana tjongo gombong noe hidji deni.”

„Ēnja bae,” tembal Misnün, „gagabah pisan eta djäléma teh, teu sieun-sieuneun ragrag.”

„Ah, moal daekeun ragrag atoeh,” tembal indoengna, „da lais mah boga elmoe monjet: lamoen teu make djampe mah, tadi oge tangtöe geus ragrag.”

„Naon, ěma, djampe monjet?” tjeuk Roesdi.

„Heueuh,” tembal ěmana, „geuning monjet mah nadjen tafaekan kocumaha oge, tara ragrag, da bogaeun djampe naek. Tah lais oge pang bisa kitoe, make djampe monjet.”

„Paingan atoeh, ari kitoe mah,” tjeuk Roesdi. Bari ngomong kitoe, matana Roesdi mah molotot bae, nendjokeun tingkahna eta lais tea. Tambongna diajoen-ajoen bari ngawih djeung roroösau ngigél hari nangkarak.

Anne karogeteun kana sapolah-polahna eta lais, lain Roesdi djeung Misném bae, tapi mek sakabeh noe laladjo. Ungarédas, tingaradoeh, lehat koc pangabisana.

„Edas! edas! itoeh sila toetoeg dina tambang hari mēsek kalapa djeung toeloj dibucalah.”
tjeuk noe laladjo.

„Ah, sوغان lain djéléma eta mah,” tjeuk noe saerang deui. „da djéléma mah moal népi ka kitoe pangabisana.”

„Hih.” tjeuk noe saerang deui. „pirakoc lain djéléma mah, kapan itoe sidiik pisan: hoeloena, awakna, leungenna, teu beda ti oerang.”

Auoe laladjo tina sagala karasmenan mek kabéh karoempoel kana lais bae, da tina sakitoe mehna, ngan rada handjakal ngalaiksa teu lila, da kaberoe dipiwarang énggusau.

Noe laladjo toeloj maroelang, tatabeuhan djeung karasmenan-karasmenan geus diberesken, sabab toenak-menakna geus maroelih deni ka katjamatan.

Naha énja, haroedak, lais boga djaunpe moujet?